



Rapòte Ka 'COVID-19'

RAPÒTE PWÒP TÈT OU

Paran/gadyen oubyen anplwaye a ap rapòte ka pozitif la bay direktè/administratè andwa a.

Direktè/administratè andwa lekòl la ap notifye "District School Health Office (DSHO)" (Biwo Sante Lekòl Distri a) e li ap kòmanse envestigasyon pou retrase kontak lekòl/andwa a.

Nou ap rapòte ka a bay FDOH.

Si sa nesesè, direktè/administratè a ap enplemente estrateji pou rediksyon.

FDOH AP NOTIFYE DISTRI A KA YO KONFIME A

Depatman Sante Florid (FDOH) ap notifye DSHO ka yo konfime a.

DSHO ap notifye direktè lekòl/administratè andwa a ka yo konfime a.

Direktè lekòl/administratè andwa a ap kòmanse envestigasyon/retrase kontak nan lekòl/andwa a.

Si sa nesesè, direktè/administratè a ap enplemente estrateji pou rediksyon.

Kòm yon pati nan envestigasyon kontak lekòl/andwa a nou ap avize pèsonèlman moun sa yo nou idantifye ki te an kontak deprè avèk moun ki rapòte tèt li ki teste pozitif la oubyen FDOH konfime a. Anplis, nou ap avize tout paran, elèv ak anplwaye nan lekòl la pou fè yo konnen gen yon ka nan lekòl/andwa a.

Kòm rezulta envestigasyon an, nou ap enplemente imedyatman estrateji pou rediksyon yo. Pwosesis envestigasyon an ap revize orè elèv/anplwaye yo, si elèv la te monte yon otobis M-DCPS, patisipe nan aktivite ki andeyò kourikoulòm nan oubyen atletik, e si gen frè ak sè ki prale nan aprantisaj an pèsòn ak lòt atik ki ka ede nan envestigasyon an pou detèmine kontak deprè ak ka a. DSHO ak FDOH ap kolabore nan efò tout lekòl/andwa yo pou retrase kontak yo pou idantifye pwochen etap yo (pa egzanp ale an karantèn/izolasyon pou anplwaye/elèv yo chwazi, yon sèl salklas, plizyè salklas e potansyèlman fèmti tout lekòl/andwa a ann antye). Anplis, yo ap byen dezenfekte tout lekòl/andwa yo.

Pou rapòte yon ka, paran yo dwe kontakte lekòl pitit yo. Apre lè lekòl ak nan wikenn, yo ap rapòte ka yo nan rele 305-995-3000. Anplwaye yo dwe rapòte tèt yo dirèkteman bay sipèvizè yo.

Nou dokimante nan Tablodbò M-DCPS la ka pozitif anplwaye yo rapòte lè nou resevwa yo e DSHO revize yo an detay. Nou pa dokimante ka paran/gadyen rapòte pou elèv yo jiskaske FDOH konfime ka a.